



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 67 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON YO KI POU SIPÒTE KOLÈJ AK INIVÈSITE PRIVE SAN BI LIKRATIF YO ATRAVÈ NEW YORK

Finansman yo Pral Ede Kanpis Yo Fè Investisman nan Enfrastrikti Ki Enpòtan Anpil yo pou Benefisye a Etidyan New York yo epi Favorize Devlopman Ekonomik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a plis pase 67 milyon dola nan sibvansyon pou pwojè kapital yo nan 39 kolèj ak inivèsite atravè New York. Finansman an soti nan Pwogram Sibvansyon Konpansasyon Kapital Edikasyon Siperyè a (Higher Education Capital, [HECap], Matching Grant Program) epi Konsèy HECap lan te bay li, konsèy ki ap bay sibvansyon konpansasyon yo pou kolèj ak inivèsite prive ki san bi likratif yo pou pwojè yo ki ap kreye travay nan konstwiksyon yo, epi atire investisman nan kominote yo atravè eta a.

“New York se kay kèk nan pi bon kolèj ak inivèsite yo nan mond lan, epi apati investisman nan edikasyon ak rechèch modèn yo, yo pral kontinye alimante mendèv nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral pèmèt kanpis nou yo fè investisman ki enpòtan anpil yo ki benefisye a etidyan yo, sipòte kwasans ekonomik ak kwasans kominotè, epi ede fòme pwochèn jenerasyon dirijan yo nan Empire State.”

Sou lidèchip Gouvènè a, Pwogram Sibvansyon Konpansasyon Kapital Edikasyon Siperyè a te pèmèt kanpis yo atravè eta a fè investisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ak ekipman yo pandan ke y’ap kreye travay nan konstwiksyon. Kanpis ki ap resevwa sibvansyon yo gen obligasyon pou investi omwen 3 dola ki soti nan pwòp fon pa yo pou chak 1 dola finansman leta ke yo resevwa. Kanpis yo gen obligasyon pou peye travayè konstwiksyon yo salè ki ap domine a nan pwojè yo ke sibvansyon sa yo te finance. Konsèy HECap lan te apwouve 67,128,101 dola ke yo te bay 39 pwojè nan yon reyinyon komite a nan dat Mèkredi 27 Jen.

Yon lis konplè pwojè ke yo te bay finansman yo ki soti nan Otorite Dòtwa Eta New York la (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY), ki ap administre pwogram lan nan non Konsèy lan, disponib [la a](#).

Yo te chwazi pwojè ke yo te seleksyone pou sibvansyon yo nan faz ki pi resan sa nan kad yon pwosesis aplikasyon konpetitif. Komite Pwogram Sibvansyon Konpansasyon Kapital Edikasyon Siperyè a ki gen twa manm lan, ki enkli yon manm ke Pòt Pawòl

Asanble a te chwazi, yon manm ke Prezidan Tanporè Sena a te chwazi, ak yon twazyèm manm ke Gouvènè a te chwazi. Manm konsèy aktyèl lan yo se Direktè Divizyon Bidjè Eta New York lan Robert F. Mujica, Manm Asanble a Deborah J. Glick, ak avoka Lisa Clare Kombrink.

Mary Beth Labate, ki se Prezidan Komisyon sou Kolèj ak Inivèsite Endepandan yo (Commission on Independent Colleges and Universities), te deklare, “Pwogram Sibvansyon Konpansasyon Kapital Edikasyon Siperyè a se yon egzanp de patenarya piblik-prive ki ap travay pou tout moun New York yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Kò Lejislatif lan poutèt yo bay yon lòt faz finansman pou HECap nan Bidjè Eta ki pi resan an”.

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral DASNY te deklare, “DASNY kontan pou li aji kòm pèsonèl nan Konsèy HECap lan nan administrasyon sibvansyon pou kolèj ak inivèsite prive yo toupatou nan Eta a. Alokasyon Pwogram Sibvansyon Konpansasyon Kapital Edikasyon Siperyè a yo ap favorize devlopman ekonomik epi kreye travay atravè eta a, ki ap fè New York vin yon kote ki atiran pou moun viv, travay epi aprann”.

Manm Asanble Deborah Glick te deklare, “New York te toujou envesti nan reyisit etidyan nou yo, soti depi nan sal klas modèn yo ak pwogram preskolè ki ranfòse yo, pou rive nan lansman Pwogram Bous Excelsior a (Excelsior Scholarship). Dènye envestisman sa nan kolèj ak inivèsite san bi likratif prive New York yo pral asire ke yo rete enstitiyon klas mondyal ke yo ye aktyèlman. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li ap envesti ak sajès nan avni moun New York yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)